

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

“Wawacan Pangantén Tujuh” mangrupa salah sahiji wawacan koléksi Museum Prabu Geusan Ulun-Sumedang. Aksara anu digunakeun nya éta Latén jeung ngagunakeun basa Sunda, geus ditransliterasikeun ku R. A. Bulkini, sarta kandelna naskah 94 kaca.

Wawacan anu eusina nyaritakeun tujuh pasang pangantén, nya éta para nabi jeung sohabat nabi, digurit dina wangun pupuh. Pupuh anu digunakeun kabéhna aya 25 kanto anu diwangun ku 740 pada di antarana: Presentasena nya éta Asmarandana 145 pada (20%), Dangdanggula 121 pada (16%), Durma 38 pada (5%), Gambuh 16 pada (2%), Kinanti 134 pada (18%), Magatru 26 pada (4%), Maskumambang 54 pada (7%), Mijil 9 pada (1%), Pangkur 33 pada (5%), jeung Pucung 29 pada (4%).

Dina panalungtikan struktur-sémiotik, masalah nu dipedar diwatesan kana fakta carita (struktur faktual hiji carita) anu ngawengku palaku, galur, jeung latar. Sedengkeun unsur sémiotik nu dipedar nya éta ikon, indéks, jeung simbol. Dina panalungtikan ogé dipedar tiori-tiori nu dijadikeun tatapakan pikeun nalungtik masalah nu dianalisis. Sangkan teu méngpar jauh jeung hasilna bener. Sedengkeun métode nu digunakeun pikeun panalungtikan nya éta metode déskriptif analisis.

Hasil analisis struktur carita kana ieu wawacan bisa dicindekkeun: 1) Palaku jeung watekna, palaku utama dina ieu wawacan aya 14 urang, nya éta Nabi Adam jeung Babu Hawa, Nabi Yusup jeung Siti Julaéha, Nabi Musa jeung Déwi Sapura, Nabi Sulaéman jeung Ratu Bulkis, Nabi Muhammad jeung Siti Hodijah, Nabi Muhammad jeung Siti Aisyah, sarta Bagénda Ali jeung Siti Fatimah; 2) alur anu digunakeun nya éta alur méréle; 3) latar dina “Wawacan Pangantén Tujuh” aya 48.

Sabada ditalungtik unsur sémiotik nu kapanggih dina ieu wawacan kabéhna aya 138 tanda anu kabagi jadi tilu: 1) anu kaasup tanda ikon aya 11 (16%); 2) anu kaasup tanda indéks aya 41 (60%); 3) anu kaasup tanda simbol aya 16 (23%). Tina presentase kaktitén yén anu panglobana kapanggih nya éta tanda simbol.

“Wawacan Pangantén Tujuh” sabada dianalisis luyu pikeun dijadikeun bahan ajar maca carita buhun sabab saluyu jeung kritéria milih bahan ajar sarta tahapan kamampuh basa anu dikawasa ku siswa.

## 5.2 Implikasi

“Wawacan Pangantén Tujuh” sabada ditalungtik sacara struktural jeung sémiotik, luyu pikeun dijadikeun bahan ajar maca carita buhun di SMA kelas XII. “Wawacan Pangantén Tujuh” nyumponan kritéria pikeun dijadikeun bahan ajar nya éta, basa nu dipaké basajan sarta luyu jeung tahapan kamampuh basa anu dikawasa ku siswa, tina segi kognitif, siswa rumaja (SMA) geus bisa maham kana situasi atawa ngungkulan pasualannu disanghareupan, mampu mikir *hipotesis-deduktif*, mampu ngembangkeun hiji kamungkinan dumasar dua atawa leuwih kamungkinan anu aya, mampu nyieun kasimpulan tina sababaraha objék. Ku kituna, “Wawacan Pangantén Tujuh” bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA, sarta “Wawacan Pangantén Tujuh” bisa dijadikeun bahan pangajaran ditilik tina kasang tukang budaya nu sarua, sabab “Wawacan Pangantén Tujuh” carita ngeunaan poé Juma’ah anu dipilih nikah ku para nabi jeung sahabat nabi. Loba pisan budaya anu nyampak dina ieu wawacan sarta patali jeung kabudayaan urang Sunda.

## 5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi kana ieu karya sastra. Ieu saran pikeun 1) para panalungtik wawacan/naskah (filologi), 2) mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda), jeung 3) bahan rujukan kana bahan pangajaran sastra.

### 1) Saran ka para panalungtik wawacan/naskah ( Filologi)

Sanggeus dilakukeun panalungtikan sastra buhun téh loba ngandung ajén-inajén anu luhung. Ku kituna, wawacan-wawacan tur naskah-naskah anu masih kénéh bacaran téh kudu diguar sangkan bisa kabaca ku generasi ngora. Dina ieu panalungtikan masih kénéh loba kakuranganana. Ku kituna, bakal leuwih hadé lamun aya panalungtikan anu leuwih husus medar ngeunaan ulikan fiologi kana ieu naskah wawacan. Dipiharep aya lajuning laku pikeun nyampurnakeun ieu panalungtikan.

2) Saran ka para mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daérah

Dina ngama'naan hiji karya sastra boh puisi, prosa boh drama, para mahasiswa alusna mah maké ulikan sémiotik, sabab dina karya sastra dijerona téh euyeub pisan ku tanda-tanda anu kudu disurahan.

3) Bahan ajar pangajaran sastra

Sabada ditalungtik tur dianalisis ieu wawacan luyu pikeun dijadikeun bahan ajar maca carita buhun. Ku kituna, dipiharep sangkan dina ngajarkeun pangajaran sastra hususna carita buhun ieu wawacan bisa dijadikeun rujukan pikeun pangajaran hususna di tingkat SMA.